

DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont Varyòl/Varyòl Makak (monkeypox) (JYNNEOS™): Sa Ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak lòt lang yo. Konsilte www.immunize.org/vis

1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont Varyòl/Varyòl Makak (Monkeypox) (JYNNEOS™) kapab pwoteje kont varyòl, varyòl makak, ak lòt maladi viris òtopòks yo lakòz, tankou viris maladi ki rele "vaksin" lan.

Varyòl lan se yon maladi grav viris varyòl lan lakòz. Yo te deklare varyòl lan eradike nan lane 1980 epi pa gen okenn ka varyòl ki te rive depi nan lane 1977. Kèk moun kontinye gen risk pou gen kontak ak viris ki bay varyòl lan, tankou moun ki travay nan domèn preparasyon sou ijans ak kèk travayè laboratwa. Viris lan kapab pwopaje sòti nan yon moun pou ale nan yon lòt moun, ki lakòz sentòm tankou lafyè ak yon gratèl sou po. Plizyè moun ki te gen varyòl otrefwa geri, men apre 3 moun sou chak 10 ki gen maladi an te mouri.

Varyòl makak lan se yon maladi ki ra ki gen sentòm yo ki sanble men ki plis lejè pase sentòm varyòl yo. Varyòl makak lan kapab lakòz lanmò. Varyòl makak lan se yon maladi ki fenk ap parèt nan Afrik lan epi epidemi ka enpòte pafwa kote li parèt nan lòt peyi, tankou Ozetazini.

Viris Vaksin lan kapab fè moun ki gen kontak ak moun ki enfekte yo vin malad (tankou lè w gen kontak ak yon moun ki fenk pran vaksen kont varyòl makak lan) oswa bèt yo. Moun k ap travay avèk viris vaksin lan nan laboratwa yo kapab pa aksidan gen kontak ansanm ak viris lan, epi si yo vin enfekte, yo kapab tonbe malad. Pifò maladi ki gen rapò ak vaksin lan trete pou kont yo.

2. Vaksen kont Varyòl/Monkeypox (JYNNEOS™)

Vaksen kont Varyòl/Varyòl Makak (Monkeypox) (JYNNEOS™) kapab anpeche varyòl, varyòl makak (monkeypox), vaksin, ak lòt maladi viris òtopòks lan lakòz. Yo te kreye vaksen an apati viris vaksin lan ki vivan men ki afebli epi pa kapab bay varyòl, varyòl makak lan, oswa okenn lòt maladi.

Administrasyon Pou Manje Ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) apwouve JYNNEOS™ pou evite maladi varyòl lan ak varyòl makak lan lakay **granmoun yo ki genyen 18 lane yo oswa pi plis yo, epi ki gen gwo risk pou gen maladi varyòl lan oswa varyòl makak lan.**

- CDC rekòmande JYNNEOS™ pou kèk travayè laboratwa ak manm ekip entèvansyon ijan ki ka gen kontak ansanm ak viris yo ki lakòz maladi viris òtopòks yo bay.
- CDC rekòmande pou yo konsidere vaksen an pou moun ki jere ACAM2000®, lòt kategori vaksinasyon kont varyòl, oswa k ap pran swen pasyan ki enfekte ak viris òtopòks yo.

JYNNEOS™ jeneralman yo bay li nan yon seri 2 piki, epi gen yon distans 4 semèn. Moun ki te deja ran vaksen kont varyòl lan otrefwa kapab sèlman pran yon (1) sèl dòz.

Yo rekòmande dòz rapèl yo chak 2 oswa 10 lane si yon moun kontinye gen risk pou li gen kontak ak varyòl, varyòl makak lan, oswa lòt viris òtopòks yo. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

Yo kapab bay vaksen kont Varyòl/Varyòl Makak lan (JYNNEOS™) ansanm ak lòt vaksen an menm tan. Kèk moun ki gen plis risk pou yo gen yon maladi ki rele myokadit lan (anflamasyon nan misk kadyak), tankou adolesan oswa jèn granmoun gason, yo ka panse tann 4 semèn apre vaksen JYNNEOS™ anvan yo pran yon vaksen mRNA kont COVID-19.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

3. Pale ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont varyòl**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li genyen yon **sistèm iminitè ki fèb**.
- **Ansent** oswa panse yo ka ansent oswa **ap bay tete**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante ou an kapab deside pou ranvwaye seyans vaksinasyon regilye (avan gen kontak) kont varyòl lan/varyòl makak ki gen JYNNEOS™ pou yon lòt vizit.

Moun ki pa twò malad yo, tankou ki genyen yon rim, kapab pran vaksen an. Moun ki pa twò malad oswa ki malad grav yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran dòz (avan gen kontak) regilye JYNNEOS™. **Si yo te rekòmande w pou ou pran JYNNEOS™ akòz ou gen kontak ak viris varyòl makak lan (monkeypox), ou ta dwe pran vaksen an kèlkeswa maladi paralèl lan, gwoès, bay tete, oswa sistèm iminitè ki febli.**

4. Risk reyakasyon ak yon vaksen

- Demanjezon, doulè, anflamasyon, ak gratèl kote yo bay vaksen an se bagay ki pi kourann ki rive aprè seyans vaksinasyon JYNNEOS™ an.
- Fatig, maltèt, ak doulè miskilè ka rive pafwa tou aprè seyans vaksinasyon JYNNEOS™ an.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyakasyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

Yon reyakasyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyakasyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyakasyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou siyale reyakasyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

6. Pwogram Konpansasyon Viktim Medikal yo

Pwogram Konpansasyon Viktim Medikal yo se yon pwogram federal ki ka ede peye frè pou resevwa swen medikal ak lòt depans espesifik kèk moun ki te blese grav akòz kèk medikaman oswa vaksen. Si w te blese epi se vaksen kont varyòl/varyòl/Varyòl Makak (monkeypox) lan ki fè sa, ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram sa a pandan w ap vizite sitwèb pwogram lan sou www.hrsa.gov/cicp, oswa pandan w ap rele nan **1-855-266-2427 (855-266-CICP)**.

7. Kijan pou mwen jwenn plis enfòmasyon?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Pou Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC)):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Vizite sitwèb CDC an sou www.cdc.gov/poxvirus/monkeypox.

This Smallpox/Monkeypox Vaccine VIS Haitian Creole translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

Deklarasyon Enfòmasyon sou Vaksen

Vaksen kont Varyòl/Varyòl Makak (Monkeypox) 01/06/2022

POU UTILIZE
NAN BIWO
SÈLMAN

